Landstinget Kronoberg

Нагахь санна шуна переводчик везахь, шуна лоцур ву иза. Дехар ду хаийта переводчик шайна везахь шаьш маца дог1а олучу хенахь. Цул т1аьхьа больницан белхлоша шуна лоцур ву переводчик.

# Хьан бер цомгаш хиллехь

## ТIаьхьататта йиш йоцу хьал

Нагахь санна хьан бер чIогIа цомгаш хиллехь, я лазийнехь, берийн тIаьхьататта йиш йоцуш орцан пункте 0470 58 83 00 лоьмарца з1аьй тоха, я телефон тоха 58 80 00. Наггахь санна сиха орца эшахь, телефон тоха 112.

**Ишта карор ю хьуна иза:**

Берийн тIаьхьататта йиш йоцуш орцан пункт ю 6[ча] этаж т1ехь Т-цIа чохь.

Берийн akutmottagning-е (тIаьхьататта йиш йоцуш орцан пункте) уггаре атта кхача таро ю Värendsgatan-урамехула. Цигара Centrallasarettet-е дIа верза, цул тIаьхьа аьтто агIор лаьтташ йолу паркеринге верза. Цигахь карор ю хьуна чувоьду меттиг яздина "Barnakut" а долуш. План 6 тIе хьалавала.

Barnakuten-е дийнахь а, буса а зIаьй тоха йиш ю: 0470-58 83 00, 58 80 00 (коммутатор). Машен кхайкха езаш елахь зIаьй тоха 112.

## Берийн а, кегийрхойн а клиника, Växjö

ТIеэцар хьалхе йиллинчу хенашца ду. Иштта хан йила а, хаттарш дан а йиш ю.

ЗIаьй тоха: 0470-58 84 50

## Бераш а, кегийрхой а тIеэцар, Ljungby

ЗIаьй тоха: 0372-58 53 60

ТIаьхьататта йиш йоцу къамел: 0372-58 50 00

## Дагавала а, хаттар дан а

Дакхош долчу а, иштта кегий берийн а, юучух йоьзна, я кхин йолчу новкъарлонех хаттар дан barnavårdscentral-е (берийн дарбалелоран центре) зIаьй тоха.

Ткъа цомгаш долчу берех лаьцна дагавала уггаре хьалха vårdcentral-е (юьхьанцара дарбалелоран центре) зIаьй тоха. Иштта йиш ю муьлхачу хенахь Дарбалелоран дагавала а, хаттар дан а центре зIаьй тоха 1177.

## Ша-шен дарба дарех лаьцна

ХIокху интернет-адресаца ша-шен дарба дарех лаьцна карор ду хьуна тайп-тайпана меттанаше гочдина: www.1177.se

Хьалхарчу агIон тIехь харжа ***Egenvård***, цул тIаьхьа хьайн оьшуш болчу маттахь текст схьаелла.